

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, pamarekan nu digunakeun nyaéta pamarekan kualitatif. Nurutkeun Saryono (2010), pamarekan kualitatif mangrupa pamarekan nu digunakeun pikeun nyalusur, nimukeun, ngagambarkeun, jeung ngadéskripsikeun kualitas atawa kaistiméwaan tina pangaruh sosial nu teu bisa dijelaskeun, diukur, sarta digambarkeun ngaliwatan pamarekan kuantitatif.

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analitik. Métode déskriptif analitik nyaéta hiji métode statistik nu digunakeun pikeun nganalisis data ku cara ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun data nu geus kakumpul sakumaha ayana tanpa miboga maksud nyieun kacindekan nu lumaku pikeun umum atawa géneralisasi. Kecap déskriptif asalna tina kecap basa Inggris, *to describe*, nu hartina ngajelaskeun hiji hal, tuluy hasilna dijelaskeun dina wangun laporan panalungtikan. Data nu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan mangrupa data nu sumberna tina buku kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM.

Désain panalungtikan miboga peran nu penting dina panalungtikan sangkan panalungtikan puguh tujuanana atawa arahna. Désain panalungtikan dina ieu panalungtikan kapidangkeun ieu di handap.



Bagan 3.1

Désain Panalungtikan

3.2 Téhnik Panalungtikan

Dina ieu subbab baris dipedar ngeunaan téhnik nu digunakeun dina panalungtikan jeung téhnik ngolah data panalungtikan.

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka. Nurutkeun Ruslan (2008) studi pustaka nyaéta kagiatan néangan data atawa informasi risét ngaliwatan maca sawatara jurnal ilmiah, buku-buku référénsi, jeung bahan-bahan publikasi nu aya di perpustakaan.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

1) Téhnik Analisis Struktural

Nurutkeun Isnéndés (2018) analisis struktural nyaéta analisis data ku cara ngaguar struktur-struktur dina sajak. Struktur sajak bisa kapaluruh saupama ditilik tina dua hal, nyaéta hakékat puisi jeung unsur nu ngawangunna. Dina ieu panalungtikan, analisis data struktural sajak ngagunakeun tiori struktural Alton C. Morris jeung I.A. Richard, nu dianalisna nya éta:

- (1) diksi dina kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM,
- (2) imaji dina kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM,
- (3) gayabasa dina kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM,
- (4) kecap kongkrit dina kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM,
- (5) purwakanti dina kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM,
- (6) téma dina kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM,
- (7) rasa dina kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM,
- (8) nada dina kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM,
- (9) amanat dina kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM.

2) Téhnik Analisis Semiotik

Analisis semiotik nu digunakeun pikeun ngaguar sajak dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun tiori analisis semiotik Michael Riffaterre, nu ngawengku:

- (1) Kateulangsungan eksprési;
- (2) intertekstualitas;
- (3) pembacaan semiotik: heuristik jeung hermeneutik.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Hardani, spk. (2020), instrumén panalungtikan nyaéta alat ukur nu digunakeun pikeun meunangkeun informasi kuantitatif ngeunaan variasi karakteristik variabel sacara objéktif.

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku cara nyatet jeung ngawilah-wilah data nu kapaluruh. Kartu data nu digunakeunna nyaéta dina wangun tabél saperti katitén ieu di handap.

- 1) Kartu data digital struktural

Tabél 3.1
Kartu Data Digital Struktur Lahir

No	Kode Data	Ungkara	Struktur Lahir
1	P/10/04	<i>Ngalun diotélan angin ririh Soleyong awak kawas rokrak ngambang</i>	Diksi “rokrak” kapanggih dina sajak “Pangabetah”. Kecap “rokrak” dina ieu sajak digunakeun pikeun nuduhkeun awak jelema nu geus réod lantaran geus kolot.

Tabél 3.2
Kartu Data Digital Struktur Batin

No	Kode Data	Ungkara	Struktur Batin
1	STPP/19/11	<p><i>'Na tatahan batu di puseur mumunggang Aya ngaran tanpa rupa (kabéhan nyaho)</i></p> <p><i>Antara Mauk jeung mumunggang Lémbang Hiji andelan teu mulang (pacuan poho!)</i></p>	Cutatan sajak “Sora ti Pasir Pahlawan” témania ngeunaan cinta sabab nyaritakeun rasa kasedih lantaran ditinggal maot ku jalma nu dipikacintana.

2) Kartu data digital semiotik

Tabél 3.3
Kartu Data Digital Kateulangsungan Éksprési

No	Kode Data	Ngaganti Harti	Ngarobah Harti	Nyipta Harti
1	TAH/39/27	<p>Dina sajak “Tina Albeum Heubeul” kapanggih ayana métaphore nu dituduhkeun ku padalisan kahiji jeung kadua. Métaphore nu dimaksud nyaéta “ngagantung dina jajantung” jeung “muja jiwana” nu</p>	<p>Ngarobah harti dilantarankeun ku ayana ambiguitas, kontradiksi, jeung <i>nonsense</i>. Dina ieu sajak, tilu hal nu ngalantarankeun ayana ngarobah harti téh teu nyampak jeung teu kapaluruhan.</p>	<p>Rima nu kapaluruh dina ieu sajak mibanda pola a-b dina padalisan kahiji jeung kadua. Pola b-a dina padalisan katilu jeung kaopat. Sora</p>

		<p>minangka tanda rasa cinta nu sakitu gedéna, diibaratkeun jalma nu dipikacintana téh geus jadi bagéan weuteuh tina jero dirina.</p>	<p>vokal nu dominan dina rima sajakna nyaéta sora vokal ‘a’, nu mawa pamaca milu ngarasakeun kabungah tina rasa cinta nu keur karandapan, tur ieu sajak karasana ngawirahma jeung murwakanti.</p>
--	--	---	---

Tabél 3.4
Kartu Data Digital Intertékstualitas/Hipogram

No	Kode Data	Hipogram
1	TAH/39/27	Hipogram nu kapanggih dina sajak “Tina Albeum Heubeul” nyaéta hipogram poténsial nu dituduhkeun ku ayana kecap “muja” jeung “disanding”, nu duanana nuduhkeun rasa kaasih/asmara. Ieu sajak dikasangtukangan ku suasana kasmaran nu karandapan ku panyajak.

3.3.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén nu digunakeun dina ngolah data ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun kartu data digital. Kartu data digunakeun pikeun ngabeunangkeun sarta ngadéskripsikeun data-data nu kapanggih. Kartu data digital pikeun ngolah data katitén saperti ieu di handap.

1) Conto kartu analisis digital struktur lahir sajak

Kode Sajak: LK.18.10		
Data	Ungkara	Analisis
Imaji	<i>Dibukbak haur ditilepan tenda Sumangga teuteup hateup wareuteuh</i>	Imaji nu kapanggih dina sajak “Lembur Kuring” nyaéta imaji panénjo/visual nu katitén tina digunakeunna kecap “teuteup”, nu nuduhkeun ayana hateup di luhureun imah.

2) Conto kartu analisis digital struktur batin sajak

Kode Sajak: LK.18.10		
Data	Ungkara	Analisis
Rasa	<i>Dibukbak haur ditilepan tenda Sumangga teuteup hateup wareuteuh Bebene heubeul sarakan deudeuh Kiwari geus teu butuheun munara</i>	Rasa nu kagambar dina sajak “Lembur Kuring” nyaéta rasa waas.

3) Conto kartu analisis digital semiotik sajak

Kode Sajak: LK.18.10		
Data	Ungkara	Analisis
Ngaganti Harti	<i>Dibukbak haur ditilepan tenda Sumangga teuteup hateup wareuteuh</i>	Dina sajak “Lembur Kuring” katitén ayana métonimi dina

	<i>Bebene heubeul sarakan deudeuh Kiwari geus teu butuheun munara</i>	padalisan kadua nepi ka padalisan kaopat, katitén tina unggara “hateup wareuteuh” jeung “butuheun munara” nu nuduhkeun ayana hubungan nu raket antara hiji barang jeung barang séjénna.
--	---	---

3.4 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Dina ieu subbab baris dipedar ngeunaan data jeung sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan.

3.4.1 Data

Data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta struktur lahir jeung struktur batin, katut semiotika sajak nu aya dina buku kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM. Anapon data tina struktur lahir ngawengku diksi, imaji, kecap kongkrit, gayabasa, jeung purwakanti. Data struktur batinna ngawengku téma, rasa, nada, jeung amanat. Data semiotik ngawengku kateulangsungan eksprési, intertéksualitas, jeung pembacaan semiotik:heuristik jeung hermeneutik. Ieu di handap mangrupa tabél data panalungtikan nu ngawengku 29 judul sajak nu aya dina buku kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM.

Tabéł 3.5

Kumpulan Sajak *Basisir Langit* Karya Surachman RM

No	Judul Sajak	Kode Data
1	Panyajak Ka Panyajak	PKP/07/01
2	Nyusud Tapak	NT/08/02
3	Prisma	P/09/03

4	Pangabetah	P/10/04
5	Dua Jiwa	DJ/11/05
6	Surat	S/12/06
7	Langit	L/13/07
8	Amitan Dina Paésan	ADP/15/08
9	Sawarga Nu Ngemploh	SNN/17/09
10	Lembur Kuring	LK/18/10
11	Sora Ti Pasir Pahlawan	STPP/19/11
12	Dipeték Di Dasar Sagara	DDDS/20/12
13	Di Hiji Leuweung Geledegan	DHLG/21/13
14	Peureup	P/22/14
15	Bandéra Hideung Satengah Tihang	BHST/23/15
16	Longsér	L/24/16
17	Suling	S/25/17
18	Naha Urang Kudu Guligah	NUKG/27/18
19	Kolécér	K/28/19
20	Dina Maleman Lebaran	DML/31/20
21	Sakitan	S/32/21
22	Anu Tugur Di Kuburan	ATDK/33/22
23	Jero Guha	JG/34/23
24	Katiga	K/35/24
25	Prabu Mandura Tapa	PMT/36/25
26	Indrajaya	I/37/26
27	Tina Albeum Heubeul	TAH/39/27
28	Peuting Di Rumah Sakit	PDRS/40/28
29	Alakpaul	A/42/29

*Keterangan:

AA/BB/CC

AA : Judul Sajak


BB : Kaca

CC : Nomer Urut Sajak

3.4.2 Sumber Data

Nurutkeun Wiratna (2018) sumber data panalungtikan nyaéta subjék ti mana asal data éta panalungtikan dicangking. Dina ieu panalungtikan, sumber data nu digunakeun nyaéta buku kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM pedalan Balai Pustaka Jakarta.

1) Idéntitas jeung Déskripsi Buku



Judul Buku : *Basisir Langit*

Pangarang : Surachman RM

Kandel Kaca : 44 kaca

Taun Medal : 1976

Pamedal : Balai Pustaka

Gambar 3.1

Jilid Buku Kumpulan Sajak *Basisir Langit*

Basisir Langit mangrupa buku kumpulan sajak karya Surachman RM nu medal kadua dina taun 1976. Sajak nu aya dina ieu buku lobana 29 judul sajak kalawan téma nu béda-béda. Aya nu témana ngeunaan alam, kaagamaan, lalampahan, jeung sajabana kalawan dipapaésan ku unggal judul sajak nu ngirut pamaca.

Pulas tina jilid ieu buku nyaéta konéng ngora jeung konéng gedang. Tuluy aya gambar kaén pulas bodas nu gumulung kawas laut. Dina bagéan luhur aya tulisan *Basisir Langit* nu mangrupa judul tur di handapeun judul aya tulisan Surachman RM nu jadi pangarang tina ieu buku kumpulan sajak. Kecap “basisir” nurutkeun kamus Danadibrata (2015) mibanda harti sisi daratan nu adek jeung laut atawa sisi laut, sagara, samudra, tur rata-rata di basisir sok aya kikisik. Ari kecap “langit” nurutkeun kamus Danadibrata (2015) mibanda harti tempat méga, béntang-béntang,

bulan, panonpoé nu ngelewung ayana di luhureun urang, pulasna biru jeung siga cekong. Lamun dua kecap éta dihijkeun antara “basisir” jeung “langit” tangtuna robah jadi frasa nu ngandung harti/ma’na anyar.


2) Pangarang

Maman Surachman Radéa atawa nu dipikawanoh ogé Surachman RM dibabarkeun di Garut, Jawa Barat, 13 Séptember 1936. Surachman geus remen nulis ti SMP kénéh, sarta waktu SMA (1954) ngahususkeun tulisanana dina widang puisi. Sanggeus lulus sarjana ngora ti Fakultas Hukum Universitas Indonésia, Jakarta, inyana nuluykeun studina ka Fakultas Hukum Universitas Pajajaran, Bandung, tur lulus dina taun 1968. Dina taun 1969 nepi ka 1970 inyana nyiar élmu leuwih teleb deui di Syracuse University College of Law, Syracuse, New York, Amerika Serikat. Inyana kungsi ngajabat salaku jaksa di sababaraha tempat (Purwakarta, Karawang, Bandung, Cimahi) (Ruhaliah, 2020).

Puisi-puisi hasil karya Surachman RM kungsi dimuat dina sababaraha majalah kasusastraan saperti *Indonésia, Kisah, Sastra, Budaya Jaya, Basis*, jeung *Horison*. Kitu deui, sababaraha puisina ogé aya nu geus ditarjamahkeun kana basa Inggris, Prancis, Jerman, jeung Rumania. Bisa kapanggih dina antologi nu judulna *Contemporaine* (1972), *On Foreign Shores* (1990), jeung *Manhattan Sonnet* (2001) (Wikipedia).

3.5 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nyaéta sakumna hal nu kudu dipilampah ku panalungtik dina nyieun hiji panalungtikan. Léngkah-léngkah dina nganalisis kabagi jadi tilu, nyaéta kondénsasi data (*data condensation*), nyajikeun data (*data display*), jeung nyieun kacindekan atawa vérifikasi (*conclusion drawing and verification*) (Miles, spk., 2014). Tilu hal tadi baris didadarkeun ieu di handap dina wangan bagan.



Bagan 3.2
Léngkah Panalungtikan

1) Ngumpulkeun Data

Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data katitén ieu di handap.

- (1) maca buku kumpulan sajak *Basisir Langit* minangka sumber data pikeun dianalisis struktur jeung semiotikna;
- (2) mariksa sajak nu rék dianalisis;
- (3) nyatet struktur lahir jeung struktur batin sajak dina buku kumpulan sajak *Basisir Langit* dina kartu data struktural;
- (4) nyatet analisis semiotik sajak dina buku kumpulan sajak *Basisir Langit* dina kartu data semiotik;
- (5) nyieun kacindekan tina hasil data nu geus dipaluruh.

2) Réduksi Data

Réduksi data nyaéta prosés ngarangkum atawa milih hal-hal anu penting lantaran data nu dicangking tina analisis kawilang loba, ku kituna perlu milihan data nu aya patalina jeung tiori struktur luhur ogé struktur batin sajak sarta tiori semiotik

dina buku kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM. Léngkah-léngkah dina nganalisis data ieu panalungtikan nyaéta saperti kieu:

- (1) maca jeung maham kana eusi buku kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM;
- (2) nganalisis struktur lahir dina buku kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM;
- (3) nganalisis struktur batin dina buku kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM;
- (4) nganalisis semiotika nu ngawengku kateulangsungan eksprési, intertéktualitas/hipogram, jeung pembacaan semiotik dina buku kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM;
- (5) nyieun kacindekan tina hasil analisis data.

3) Midangkeun Data

Sanggeus prosés réduksi data dilakukeun, léngkah satuluyna nyaéta midangkeun data. Nyajikeun data mangrupa kumpulan informasi anu geus disusun sacara sistematis, nu satuluyna éta informasi miboga kamungkinan pikeun jadi hiji kacindekan.

4) Kacindekan

Kagiatan pamungkas dina nganalisis nyaéta nyieun kacindekan. Ieu kagiatan tujuanana sangkan bisa nyangking ma'na data nu geus disajikeun. Sangkan hasil tina kacindekan leuwih akurat, ku kituna perlu dilakukeun nu ngaranna vérifikasi nu miboga tujuan pikeun méré jaminan kapercayaan tina ieu hasil panalungtikan.